

Kesyonè evalyasyon sante

TOUT anplwaye DOE, vizitè, ak fanmi dwe ranpli fòm evalyasyon sante a avan yo rantre nan lokal DOE. Yo dwe fè evalyasyon sante sa a chak jou yo rive nan lokal la. Ou ka ranpli evalyasyon sante a tou sou entènèt nan: <https://healthscreening.schools.nyc/>. Lè w ap antre nan lokal la, si w potko ranpli fòm evalyasyon sante a sou entènèt, y ap mande w pou reponn kesyon sa yo.

1. Eske ou te fè eksperyans nenpòt sentòm COVID-19, tankou lafyèv ki nan 100.0 degre F oswa pi wo, fèk gen yon tous, pa ka pran gou oswa pa ka pran sant, oswa souf kout nan 10 jou ki sot pase yo?

- Non. Ale nan kesyon apre a.
- Wi. Ou pa bezwen kontinye avèk kesyon yo. Anplwaye/vizitè a pa ka antre nan bilding lan.

2. Nan 10 jou ki sot pase yo, èske ou te gen yon rezilta pozitif pou yon tès COVID-19 ki teste krache oswa itilize yon prelèvman nen oswa gòj ou? (se pa yon tès san)

- Non. Ale nan kesyon apre a.
- Wi. Ou pa bezwen kontinye avèk kesyon yo. Anplwaye/vizitè a pa ka antre nan bilding lan.

3. Dapre tout sa ou konnen, nan 14 jou ki sot pase yo, èske ou te an kontak sere (nan espas 6 pye pou omwen 10 minit) avèk nenpòt moun ki teste pozitif pou COVID-19 oswa ki gen oswa ki te gen sentòm COVID-19?

- Non. Ale nan kesyon apre a.
- Wi. Ou pa bezwen kontinye avèk kesyon yo. Anplwaye/vizitè a pa ka antre nan bilding lan.

4. Eske ou te vwayaje sou plan entènasyonal oswa nan yon eta ki gen transmisyon kominotè COVID-19 jeneralize dapre [Avi Eta Nouyòk pou Vwayajè](#) a nan espas 14 jou ki sot pase yo?

- Non. Anplwaye/vizitè a pa ka antre nan bilding lan.
- Wi. Ou pa bezwen kontinye avèk kesyon yo. Anplwaye/vizitè a pa ka antre nan bilding lan.